acoustics, and modern miking techniques. Specifically, it addresses the issues of shaping acoustic space to create a "presence effect" for the listener, the use of microphone polar patterns, and the artistic application of the "proximity effect." The article is intended for sound engineers, media professionals, and students.

## BALALAR HÁM ÓSPIRIMLER AUDITORIYASÍ USHÍN ARNALǴAN SPEKTAKLLERDE ESTETIKALÍQ TÁRBIYA MÁSELELERI

(“Alauaddin hám onıń sıyqırlı shıraǵı” spektakli mısalında)

**Darushova Darixa Kadirniyazovna** – *oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanısh sózler:** teatr, dramaturg, aktyor, rejissyor, spektakl, dóretiwshi, repertuar, dekoraciya
**Ключевые слова:** драматург, театр, актёр, режиссёр, спектакль, создатель, репертур, декорация.
**Key words:** theater, playwright, actor, director, play, creator, repertoire, decoration.

Shıǵıs xalqlarınıń xalıq awızeki dóretiwshiliginen toplanǵan «Mıń bir tún» ertekleri hám onda sóz etiletuǵın waqıyalar kópshilikke jaqsı tanıs. Solardan biri «Alauaddin ham onıń sıyqırlı shıraǵı» ertegin bilmeytuǵın adamnıń ózi bolmasa kerek. Bul ertektiń búgingi kúnge shekem bir neshe varianttaǵı filmleri, multfilmleri hám teatr sahnasındaǵı qoyılmaları tamashagóylerdiń názerine usınılıp kelingen. Dóretiwshilikte tınıp-tınshımaytuǵın, repertuarın ráń-báreń spektakller menen bayıtıp kiyatırǵan Qaraqalpaq mámleketlik jas tamashagóyler teatrı da shıǵıs xalıqları awızeki dóretpeleri tiykarındaǵı bul ertekti janlandırıp, sahnaǵa alıp shıqtı. Teatrdıń bas rejissyorı Ómirbek Bekturǵanov tárepinen sahnalastırılǵan bul spektakl «Eh, Aladin!» atı menen xalıqqa usınıldı. Spektakldiń atı ertektiń rus tilindegi ataması ekenligi bizge belgili, biraq, teatr dóretiwshileri spektakldi nege bulay ataǵanlıǵı bizdi oylandıradı.

Ertek inscenirovkası spektakl rejissyorı Ómirbek Bekturǵanov tárepinen jazılǵan bolıp, bálkim, atamanıń usılay atalıwına rejissyorda belgili bir tiykar bar bolsa kerek. Ádette spektaklge kóp sanlı tamashagóydi tartıwda onıń ataması da tiykarǵı roldi oynaydı. Atamanıń sırlı, jumbaqlı bolıwı teatr ıqlasbentlerinde spektaklge degen qızıǵıwshılıqtı oyatarı sózsiz. Júdá ǵárip shańaraqtan shıqqan Alauaddin óz aqıllılıǵı hám insanıylıq aǵla pazıyletleri menen máliykanıń kewlinen orın aladı. Eger bas qaharman baylıqqa kewil qoyǵanında ol sıyqırlı shıraqtıń qulı – Jindi azat etpegen bolar edi. Tilekler ústine tileklerin jawdırıp, jawız Jafar sıyaqlı nápák nietlerin ámelge asırıwda onnan paydalanǵan bolar edi. Biraq Alauaddin olay etpeydi. Sıyqırlı shıraqtıń qanday kúshke iye ekenligine isenimi kámil bolsa da ol baxıtqa óz kúshi, miyneti hám hadal jol menen erisiwdi tańlaydı. Nátiyjede Jindi shıraqtıń qullıǵınan qutqarıp, jawız Jafardıń tileklerin ámelge asırmaydı. Ertek tamashagóylerge miynetsiz tabılǵan dúnya-maldıń hesh qashan baxıt alıp kelmesligin, aqıllılıq hám tuwrılıq baxıtqa qaray jol kórsetetuǵınlıǵın waqıyalar barısında túsindirip baradı.

«Alauaddin hám onıń sıyqırlı shıraǵı» haqqındaǵı ertektiń motivi kópshilikke tanıs bolsa da onıń qaraqalpaq sahnasında qoyılıwı teatr ıqlasbentlerinde úlken qızıǵıwshılıq oyatqan bolıwı sózsiz. Sol sebepten de spekakl permerasına kelgen tamashagóylerdiń sanı kópshilikti quradı. Olar perde kóterilip dáslepki sahna kórinisinen-aq, ertekler álemine qaray jol aldı desek qátelespegen bolamız. Sebebi saxna bezekleri biz bilgen ertekke say, yaǵnıy shıǵıs xalıqlarınıń arxitekturalıq kórinislerin sawlenlerdirip turdı. Saray kórinisi, arab xalqına tán lipaslar, bazardaǵı sawda-satıq sahnası, sonday-aq paydalanılǵan basqa da rekvizitler spektakl waqıyalarına say keledi. Arnayı jaratılǵan sahna lipasları maqtawǵa ılayıqlı. Solardan Jafar ushın tigilgen kostyum hám onıń jılan baslı hasası júdá ájayıp islengen.

Bul miynetler spektakldiń dekoraciyasın jaratqan teatrdıń bas xudojnigi Tolıbay Shardemetovtıń dóretiwshilik izlenisleriniń

jemisi ekenin kórsetedi. Ásirese, onıń sıyqır isletken waqıtında jılanınıń kózleriniń qızarıp janıwı tamashagóylerde jawız qaharmannıń qılwalarına isenimdi payda etedi. Jafar rolindegi aktyor Pazılbek Tolegenov bul rolge tuwrı tańlanǵanlıǵın onıń atqarıw sheberligi hám sırtqı kelbetinen de ańlap alıw qıyın emes. Aktyorǵa islengen grim de júdá say túsken. Sonday-aq, maymıl Abu rolindegi aktyor Rahman Orınbaev óz rolin júdá sheberlik penen atqarǵan. Onıń maymılǵa say dál háreketleri isenimli hám anıq shıqtı. Aktyor ózine júkletilgen wazıypanı artıǵı menen orınlaǵanınına gúwa boldıq. Máliyka rolindegi aktrisa Alima Rametullaevanıń da atqarıw qábiletine toqtap ótiw orınlı. Onıń 2021-jılı sahnalastırılǵan «Sahıpjamal hám Maqluq» spektaklindegi Bell roline salıstırmalı qaraǵanda usı spektakldegi qaharmanınıń xarakterin, obrazın tolıq ashıp bere alǵanın kóriwimizge boladı. Grim arqalı aktyor saxnadaǵı qaharmanǵa "aylanadı." Jası, minez-qulqı, kásibi, sociallıq jaǵdayı tamashagóyge anıq kórinedi. Máselen, kekselik jıyrıqları, sharshaw, kesellik yamasa quwanısh jaǵdayı grim menen belgilenedi. Jaqsı grim qaharmannıń ishki dúnyasın da kórsetedi. Grim - bul ápiwayı boyanıw emes, al aktyor kórkem óneriniń bir bólegi, obrazdı janlandırıwshı kúsh. “Eh Aladdin” spektaklindegi ayırım personajlar ushın grimler sheberlik penen islengen.

Ulıwmalastırıp aytqanda spektaklde dóretiwshilik kompoziciyanıń pútinligin kóremiz. Bir spektakldiń jarıqqa shıǵıwında teatrdaǵı sahna artı dóretiwshileriniń jemisli miynetiniń bar ekenligin barlıq tamashagóyler de bile bermewi múmkin, biraq usı dóretiwshilik quramnıń birigip, tatıwlıqta hám dóretiwshilik kózqarasta bir jaǵadan bas shıǵara alǵanlıǵı ushın da usınday tabıslı spektakllerdiń payda bolıwın olarǵa jetkiziw, ańlatıw, biz teatrsınshılarınıń wazıypalarınan biri desek aljaspaǵan bolamız. Hámiyshe jańalıqqa qumar teatr jámáátiniń aldaǵı dóretiwshiliklerinde repertuardı milliy dramaturgiya dóretpeleri menen bir qatarda jáhán dúrdanalarınıń eń aǵla úlgileri menen bayıtıwına isenimimiz kámil.


**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Arastu. Poetika. – T: Yangi asr avlodi, 2012.
2. Ansatbaev N. Teatr hám aktyor, sabaqlıq. 2020.
3. Dramanıń túp nusxası.
4. Ismaylov Ajiniyaz. "Qirol» ning yangi talqini" Journal of Culture and Art 1.3 (2023): 69-74.
5. Ismaylov Ajiniyaz Esbergenovich. «Ustoz taqdiri» spektaklida zamondosh obrazlar talSPEKTAKLIDA ZAMONDOSh OBRAZLAR TALQINI." GOLDEN BRAIN 1.13 (2023): 161-167.
6. Darushova Darixa Kadirniyazovna. "YOSH REJISSYORNING YANGI TALQINDAGI SPEKTAKLI." Oriental Art and Culture 5 (2024): 656-658.
7. Darushova Darixa Kadirniyazovna. "DOLZARBLIGINI YWQOTMAGAN ASARNING QORAQALPOQ SAHNASIDAGI TALQINI." TANQIDIY NAZAR, TAHLILIY TAFAKKUR VA INNOVATSION G‘OYALAR 1.1 (2025): 355-358.
8. Darushova, D.K. "YAXSHI DRAMATURGIYA VA REJISSYOR YECHIMINING UYG ‘UNLIGI." Inter education & global study 3 (2025): 628-635.



**REZYUME.** Bul maqalada Qaraqalpaq mámleketlik jas tamashagóyler teatrında sahnalastırılǵan “Eh, Aladin” spektakli hám ondaǵı rejissyorlıq sheshimniń nátiyjesi haqqında pikir bildirildi.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье высказано мнение о спектакле "Эх, Аладдин" и результатах его режиссерского решения, поставленного в Каракалпакском государственном театре юного зрителя.

**SUMMARY.** This article discusses on the play "Aladdin" and the results of its director's decision, which was staged at the Karakalpak State Theater of Young Viewers.